



PALM BEACH COUNTY

LWA CARES - Fon Sekou pandan Kowonaviris Pwogram Èd pou Lwaye ak Sèvis Piblik

Pwogram Èd pou Lwaye ak Sèvis Piblik nan LWA CARES- Fon Sekou pandan Kowonaviris la bay èd yon sèl fwa pou lwaye ak sèvis piblik pou rezidan kalifye nan Konte Palm Beach yo ki te gen pèt revni, rediksyon nan lè oswa chomaj akòz pandemi COVID-19 la **sèlman**. Èd la ap bay sèlman pou lwaye ak/oswa sèvis piblik ki poko peye apati 1ye mas 2020 rive 30 desanm 2020.

Pwogram lan pa fèt pou ede sila yo ke pandemi COVID-19 la pa te afekte finansyèman.

Konte a pral itilize fon LWA CARES-Fon Sekou pandan Kowonaviris la bay yo pou sipòte pwogram sa a. Règ ak règleman ki asosye yo nan kad seksyon 601(a) Lwa sou Sekirite Sosyal la, jan seksyon 5001 Lwa sou Èd, Sekou ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris ("CARES Act") lan ajoute sa pral reji itilizasyon fon yo.

AVÈTISMAN: Seksyon 1001 Tit 19 kòd Etazini an fè li se yon zak kriminèl lè yon moun fè fo deklarasyon oswa move reprezantasyon bay nenpòt depatman oswa ajans nan Etazini konsènan nenpòt zafè nan jiridiksyon an. Fo enfòmasyon ka lakòz responsablite sivil ak/oswa pèn kriminèl ki gen ladan, men pa limite ak, amann oswa prizon oswa tou de.

Moun oswa fanmi ki rete nan Konte Palm Beach ki satisfè kritè pwogram lan. Ou dwe kapab bay dokiman ki montre ou pa te kapab peye lwaye oswa sèvis piblik ou yo espesyalman akòz pèt revni tanporè, rediksyon nan lè oswa chomaj la se konsekans pandemi COVID-19 la **sèlman**.

- Aplikan an dwe rete nan limit teritwa Konte Palm Beach.
- Aplikan an(yo) dwe satisfè revni anyèl brit ki pa depase limit 140% Revni Mwayen Zòn (AMI) lan ke HUD etabli pou jiridiksyon Konte Palm Beach, FL anvan kriz Covid-19 la.
- Èd la pral bay sèlman pou depans ki dwe apati 1ye mas 2020 ki pa depase twa (3) mwa.
- Aplikan an(yo) dwe gen enfòmasyon ki ka jistifye pou pwouve pèt revni, rediksyon nan lè oswa chomaj akòz pandemi COVID-19 la te kontribiye nan lwaye ki poko peye yo.
- Aplikan an(yo) dwe gen yon kontra lwaye ak oswa lòt sèvis piblik nan non li oswa nan non yon manm nan kay la.
- Aplikan an(yo) oswa manm nan kay la pa dwe te resevwa okenn lòt èd finansye pou lwaye ak/oswa sèvis piblik pou peryòd l ap mande peman an epi dwe gen volonte pou sètifye li pa te resevwa lòt èd.
- Aplikan an(yo) dwe aplike pou avantaj chomaj yo epi bay dokiman jistifikatif.
- Aplikan an(yo) dwe gen mwens pase \$5,000 nan aktif likid nan balans kont kouran, epay ak kat peman yo.

Tanpri ale nan pati Kesyon ki Souvan Poze (FAQ) epi tcheke dokiman ki nesèsè pou SOUMÈT yon aplikasyon. Aplikasyon yo dwe gen dokiman jistifikatif ki anekse ladan pou kalifye pou èd CARES.